



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VWAYAJ NAN KAD “INISYATIV RETABLISMAN AK REKONSTRIKSYON NEW YORK KANPE DÈYÈ PÒTORIKO A”

Gouvènè a ak Delegasyon Prezidan ak Etidyan SUNY ak CUNY yo, kolaboratè òganizasyon san bi likratif yo, Lidè Sendika yo ak Fonkysonè Eli yo pral Pati lendi 23 Jiyè a

L ap Sipòte inisyativ retablisman ak rekonstriksyon nou kontinye ap fè pou netwaye, retabli ak rebati kay yo nan kominote k ap retabli yo apre dega siklòn Irma ak Maria yo

Planifikasyon laprès pou vwayaje al Pòtoriko – Konfime Rezèvasyon atravè Press.RSVP@exec.ny.gov dimanch 22 Jiyè, anvan 10:00 AM

Nan dat lendi 23 Jiyè, Gouvènè Andrew M. Cuomo pral mennen yon vwayaj “Inisyativ retablisman ak rekonstriksyon New York kanpe dèyè Pòtoriko” (New York Stands with Puerto Rico Recovery and Rebuilding Initiative) pou sipòte efò retablisman kontinyèl yo sou zile a. Delegasyon an gen ladan prezidan ak etidyan SUNY ak CUNY yo, kolaboratè òganizasyon san bi likratif yo, lidè sendika yo ak fonkysonè eli yo. Manm delegasyon an yo pral patisipe nan efòrekonstwi k ap fèt nan rejyon Nò ak Santral zile a ansanm ak rejyon metwopolitèn San Juan nan epi pral retounen, madi 24 Jiyè nan aswè. Sa se senkyèm vwayaj Gouvènè Cuomo fè al Pòtoriko depi siklòn Maria a. Planifikasyon laprès pou vwayaje al Pòtoriko yo dwe konfime rezèvasyon (RSVP) atravè Press.RSVP@exec.ny.gov dimanch 22 Jiyè, anvan 10:00 AM.

Nan kad inisyativ retablisman ak rekonstriksyon New York kanpe dèyè Pòtoriko a, gen anpil santèn etidyan ak volontè mendèv ki te rejwenn òganizasyon san bi likratif yo pou netwaye, retabli ak rebati kay yo pandan zile a kontinye retabli apre dega siklòn Irma ak Maria yo.

“Enkonpetans ak echèk kriyèl gouvènman federal la nan kad repons yo a kriz Pòtoriko a te yon wont nasyonal”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pandan gouvènman federal la vire do li bay Pòtoriko, abitan New York yo te kanpe ak frè ak sè nou yo nan Pòtoriko depi premye jou trajedi a e nou ap kontinye kanpe ak yo jiskaske travay la fini. Mwen pa ka tann pou mwen mennen delegasyon sa nan Pòtoriko pou sipòte efò retablisman n ap kontinye fè yo pandan n ap ede zile a rebati pi byen pase jamè avan. Pòtoriko toujou ap

fè fas a yon wout ki long pou l retabli l, e New York pral mache kòt a kòt avèk li chak pa l ap fè.”

Delegasyon Gouvènè a gen ladan:

Defansè Piblik Vil New York la Letitia James

Prezidan Minisipalite Bronx, Ruben Diaz Jr.

Manm Asanble Marcos Crespo, ki se Prezidan Fòs Entèkansyon Pòtoriken/Ispanik Asanble a (Puerto Rican/Hispanic Task Force)

Senatè Martin Dilan

Senatè Gustavo Rivera

Manm Asanble Carmen De La Rosa

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè a

Robert Mujica, Direktè Bidjè

Monica Tavaréz, Vis Prezidan Zafè Ekstèn, Federasyon Ispanik (Hispanic Federation)

Santos Rodriguez, Direktè Zafè Kominotè Konsèy Metye Konstriksyon ak Batiman

Rejyon Metwopolitèn New York la (Building & Construction Trades Council of Greater NY)

Doktè Felix Matos Rodriguez, Prezidan, Queens College

Doktè Havidán Rodríguez, Prezidan, University at Albany

David Gómez, Prezidan, Hostos Community College

George Gresham, Prezidan, 1199 SEIU

Dennis Rivera, Ansyen Prezidan, 1199 SEIU

Anthony Ciampa, Vis-Prezidan, NYSNA

Nelson Rivera, Vis-Prezidan, TWU Local 100

Adrian Merced, Administratè, Teamsters Joint Council 16

Llamara Padro-Milano, Manm Konsèy Egzekitif RN, PEF

Ken Raske, Prezidan Asosyasyon Lopital Greater New York (Greater New York Hospital Association)

Christopher A. Smith, Asosiyasyon Swen Adomisil Eta New York la (Healthcare Association of New York State)

Teresa Santiago, Prezidan, Comité Noviembre

Marlene Cintron, Prezidan, Bronx Overall Economic Development Corp

Elizabeth Velez, Prezidan, The Velez Organization

Monsignor Kevin Sullivan, Direktè Jeneral, Catholic Charities

David Campbell, Fondatè ak Prezidan, All Hands and Hearts

Bill Keegan, Fondatè ak Prezidan, HEART 9/11

Majò Daniel Colomb, Gad Nasyonal New York (New York National Guard)

David Kaplan, Direktè Egzekitif, NECHAMA

Edison Sabala, Konsiltan nan jesyon, UNICEF USA

Pandan premye faz Inisyativ Retablisman ak Rekonstriksyon New York Kanpe Dèyè Pòtoriko a ke Gouvènè a te lanse 29 Avril la, li te deplwaye yon Ekip Evalyasyon Taktik (Tactical Assessment Team) ki gen pami yo espesyalis ak mendèv, òganizasyon san bi likratif, òganizasyon filantwopik, ak patnè akademik eta a yo pou yo evalye bezwen rekonstriksyon yo ak devlope yon plan daksyon rekonstriksyon global pou kominote ki nan bezwen yo. Rezilta Ekip Evalyasyon an yo jwenn yo ap enfòme deplwaman estratejik prèske 500 etidyan SUNY ak CUNY, ansanm ak travayè kalifye nan sektè metye batiman ak konstriksyon an yo, pandan tout ete a.

Efò New York ap fè nan Pòtoriko a yo

Depi Ouragan Maria te ateri an Septanm 2017 la, Gouvènè Cuomo te vwayaje al Pòtoriko kat fwa epi li te kontinyèlman voye resous enpòtan pou kominote ki nan bezwen yo. Imedyatman aprè ouragan an, New York te tabli Efò Sekou ak Retablisman Empire State la (Empire State Relief and Recovery Effort), ki te finalman distribye omwen 4,400 palèt materyèl yo te kolekte nan 13 sit don atravè eta a yo. Eta New York la te deplwaye plis pase 1,000 pèsonèl, ki gen ladan anpil travayè sèvis piblik ak espesyalis pou ede avèk retablisman kouran ak estabilizasyon rezo a.

Gouvènè Cuomo ak Delegasyon Kongrasyonèl New York la (New York Congressional Delegation) kontinye defann Pòtoriko pou yo ka resevwa èd federal yo bezwen ak merite. An desanm lan, Gouvènè Cuomo ak Gouvènè Rosselló ak manm Delegasyon Kongrasyonèl New York la te pibliye yon Rapò Evalyasyon “Rebati Pi Byen” (Build Back Better) ki te mande yon pakè èd federal 94.4 milya dola pou ede Pòtoriko rebati pi solid. Plan an te idantifye sektè presi yo ki bezwen investisman, tankou paregzanp lojman, rezo elektrik ak rezistans, agrikilti ak lòt bagay toujou. Ansanm ak 487 milyon dola pou sekirite piblik ak premye sekouris, ak 9 milya dola pou jesyon retablisman alontèm, kantite finansman total ki nesesè a se 94.4 milya dola.

Anplis de sa a, sou direksyon yon efò SUNY Maritime t ap antreprann nan fen mwa me a, plis pase 500 kadè nan Inivèsite SUNY Maritime lan ak apeprè 50 etidyan nan University at Albany an ak nan Fakilte Syans Anvowonmantal ak Eksplwatasyon Forestyè SUNY an (SUNY College of Environmental Science and Forestry) te fè volontarya ak òganizasyon san bi likratif k ap fè rekonstriksyon onivo lokal yo pou yo retire debri ak prepare twati pou konstriksyon nan rejyon metwopolitèn San Juan lan.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)